



Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM
RAYISANS NAN LAPOLIS ETA A POU ASISTE NAN ANKÈT SOU YON LÒT
ENSANDI YON DRAPO FYÈTE ANDEYÒ YON BA LGBTQ NAN HARLEM**

"Mwen santi m degoute akòz ensandi yon lòt drapo fyète andeyò yon ba LGBTQ nan Harlem. Zak rayisans sa a repiyan pa rapò ak valè egalite ak enklizyon nou yo, epi nou pa pral kanpe gade epi kite zak lach sa yo kontinye nan New York.

Mwen bay enstriksyon yon fwa ankò ak Inite kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta a pou asiste Depatman Lapolis New York (New York Police Department, NYPD) lan avèk ankèt li a epi fè moun ki responsab yo sibi tout konsekans lalwa prevwa yo.

Nan New York nou gen zewo tolerans pou konpòtman meprizab sa yo epi nou pral kontinye viv selon kredo ke mo ki gen kat lèt ki pi pisan an se pa rayisans - se lanmou".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)